Законалъ ихтияр кьечIониги, халкъалда лъала жидерго бахIарзал

Ашахан Юсупов **3**

Гьагьал УхIумихъе – хIамул нилъехъе

Закир МухIамадов **4**

Президентас ришватчилъиялда рагъ лъазабун, ришватчагIаз митингал щущазарун ...

ПАТIИМАТ МахIмудова **7**

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХIДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. ХIамзатов

№19 (19) 14 октябрь 2011 сон

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Бекьараб гурони тIирщуларебила ...

Харжги налъиги

Дида цадахъ университеталда цIалулей йикIарай яс дандчIвана цо къоялъ шагьаралда. ЦIали лъугIарабго росасе ун йигоан, санагIат гьечIев чийищали вукIарав, ратIалъун руго кIиго лъагIалидаса. Гьаб сагIаталда университеталда дарсал кьолей йигила, цо ясги йиго кIиабилеб классалда цIалулей абун байбихьана Хадижатица. Дун унев вукIана машинаялда Громовасул къотIной гьей щвезайизе. Хадижатица абуна жиндир моцIрол харж бугила микьазарго гъурущ, ришват босизеги санагIалъи гьечIила, цо анкьидаса бокьун бугила Москваялде ине ясалъе хасалил ретIел босизеян. Дагъистаналда дур ясалъе бегьулеб ретIел гьечIогойищ абун гьикъана дица. Щай дир ясалъ гьаниса босараб ретIел ретIизе кколеб, дица гьолъие анцIазаргоялдаса гъоркье хьитал росичIо ва ретIел босула Москваялдасаян абуна Хадижатица. 130 азарго гъурущ налъи буго дида тIад, рес батани къарзалъе гIарац кьеларищан гьикъана дида. Дун щиб абизе кколебали лъаларого хутIана, хадуб тIаде жубана гьебгонияб налъигун мун Москваялде щибизе яхъарай-ин.

! **Гьел бакI-бакIазда бомбаби лъун рахъулел кьвагьиялги гендерил ва губденалъул рохьор рижарал гуро. РакIалде щвезаре, жеги вагьабиял ругеб рахъ лъалелде, Чернышевскиясул къватI ккун гирулеб букIараб финансазул министрасул бетIер.**

Дида цохIо жо бичIчIана гьеб гара – чIвариялдаса, Хадижат йиго улка биххун хадур гIураб, нух къосараб гIелалъул гIадан абураб. Нилъеда ракIалда буго, киназдаго релъараб ретIа – къайги бугеб, «захIматалъ берцин гьавула советияв инсан» абураб ахIиялда гъоркь гIадамаз гIумру гьабулел сонал. Щибниги хIалхьи чиясул хвараб жоги букIинчIо, кигIан ресукъго ругониги, нилъ мискинал рукIин лъангутIиялъулъ букIана рахIатги, хIалхьиги.

Гьединго, пачалихъ биххун хадур, 1990 абилел соназда кинабго хисана. Цо цIиял гIадамал рачIана цере кIанцIун, бечелъи лъугьана ссиялда, кинаб нухда данде гьабурабги. ГIадамал лъугьана ратIлидалъун, магIишаталдалъун жал батIиял тIокIаллъун хIазе. Дида ракIалда буго чед босизе гIарац гьечIел гIолохъаби рукIана цо гIурччинал, багIарал пиджакалги, горбода меседил рахсалги ран тирулел. Гьелъул магIна букIана дун нужедаса тIокIав вугин абураб. Гьебго жо букIун батиларищха руччабазулги. ТIадехун рехсарай, 8 азарго гъурущ харжгун 10 азаргоялде ясалъе хьитал росулей дир гьудулги гьел соназдаса йорчIичIеб къагIида жеги. Дида кигIан кIалъанги гьелъул гIаданибе бугIизе кIвечIо гьеб ратIлица борцунеб жо гурин чиясул къадру, щолеб жоялдаса цIикIкIун харж гьабурабго кколин гIадамал налъабаздеян абураб пикру. Заманалъул лъимер - унтараб, нух къосараб.

ТIалъиги халкъги

Нилъер рукIа-рахъиналда, хьвада-чIвадиялда релълъараб букIуна хадусез гьабулебги. Советияб заманалда вождас живго веццизе халкъ тIамурабго, тIараде чи ине аслияб шартIлъун лъугьана хIелхIелги, рецц-бакъги, чIахъаги ва чIвалеб хъатги. Хадур цо нилъер хIакимас хъачагъасегун, чIвадарухъанасе хъулухъ кьурабго цIикIкIана хъачагълъиги, чIвадарухъанлъиги. Жакъаги гьеб тайпаялъе кьолел руго хъулухъал. Цониги хIаким вихьизаве Дагъистаналда хадуб гIарцул ва яргъил къуват гьечIев. Гьелги руго тIасан мисалалъ рижарал чагIи. ХIасил калам, кинабго бараб буго заманаялъ ва тIалъиялъ тIараде рахинарурал чагIазда. Метер кинабго гьеб пачалихъ бикъулеб къавмги лъугIизабун, хьитазул устар тIалъиялде вачани, бащдаб Дагъистан лъугьина хьитал рукъизе.

Дица тIадехун рехсарай гIаданги, хъулухъчагIиги, хъачагъалги, цIогьалги руго заманаялъул ва нухмалъиялъул дандерижи. Гьел бакI- бакIазда бомбаби лъун рахъулел кьвагьиялги гендерил ва губденалъул рохьор рижарал гуро. РакIалде щвезаре, жеги вагьабиял ругеб рахъ лъалелде, Чернышевскиясул къватI ккун гирулеб букIараб финансазул министрасул бетIер. Гьеб букIанин абизе бегьула тIоцебесеб теракт. ЦохIо динияб рахъалъ данде чIарал гурел, гьел ишазул, политикиял заказал тIуралел гьунарчагIиги руго жакъа рохьор. Халкъалъ зулмучагIи калам тун хIехьолел руго тIалъиялда. Бекьараб гурони тIирщуларебила.

санагIат гьечIел суалал

Абиязгун, кучIдуз тарих хъваларо . . .

Тарихчи Айтберов Тимурица къватIибе биччараб «1741 соналъ бакъбаккул Кавказалда ккараб рагъуда тIаса баянал» абураб тIехьалъ гIезегIан хъуй гьабуна Дагъистаналда, хасго авар миллаталда гьоркьоб. Тарихиял лъугьа – бахъиназда тIаса кьурал баянал гIемерисел авараз къабул гьаруна Т.Айтберовас хасаб политикияб заказалда рекъон, авараздаса тумазул тарих ва Надиршагьил рагъулъ букIараб кIвар цIикIкIун бихьизабиялъе гьабураб гали гIадин. Гьел пикраби гIадада рижун гьечIо. ТIехьалъул тIоцересел жилдазда бахъараб Гъумекдерил Сурхайханасул вас МуртазагIалил памятникалъги, ахиралда вугев парламенталъул депутат, тумав Гъази Гъазиевасул сураталъги гьеб пикруялде рачуна цIалдолел. Цебехун Надиршагьасул рагъуда хурхун Дагъисталда тIибитIараб пикру букIана цохIо – Надиршагь щущахъ виххизавунин гIандалаз, хутIарал аваразул эркенал жамагIатаз квербакъиги гьабун абураб. Тимур Айтберавасул тIехь къватIибе бачIиналда цадахъ Гъумекиб рагьана МуртазагIалие памятник президентги гIахьаллъун, бергьенлъиги лъугьана тIолго дагъистаналъул халкъалъ босараблъун. Гьебги хIисабалде босун «Миллат» газеталъул санагIат гьечIел суалазе жавабал кьолел руго тIехьалъул автор, тарихчи Айтберов Тимурица.

— Тимур, духъе рачIунел суалазулъ бищунго гIемер загьирлъулеб пикру буго дуе гьеб хIалтIухъ гIарац кьунин тумаз абураб, кигIан кьураб?

— Гьел духъе рачIунел кагътаз ва суалаз дида ракIалде щвезарулел руго советияб заманалда обкомалде анонимкаби хъвалел рукIараб цо къапила. Гьелго чагIи руго жакъаги хъвадарулел. Саламатав магIарул бихьинчиясул пиша гьеб гуро, тIоцебе гьез цIализе ккола тIехь, хадур дида аскIорги рачIун тIалаб гьабизе ккола баян. КъватIул харбазе ва анонимкабазе кинаб жаваб букIунеб?

— Духъе суал битIарал щинал чагIазул цIарал рехсей чара гьечIеб шартI гуро, суал буго чIван къотIараб, дуе гьаб хIалтIухъ гIарац кьунищ ва кигIан кьураб?

— Дир гIарцухъ гьабураб гIелмияб хIалтIи гьечIо, дица хIакъикъиял баяналги ралагьун, цIех-рехги гьабун тарих хъвана ва гьеб тIехь къватIибе биччана тумаз. Гонорарги кьуна дие, амма гьеб буго пачалихъалъул гонорaралдаса дагьаб ва кинабгIаги заказ гьеб кколаро. ТIаде жоялъе, нужеца «Миллаталда» рахъана дица авар миллат бичун бугин хъварал анонимкаби, щивалиго ГIандаласул. Гьаб газета бихьулищ дуда (столалда букIараб «Молодежь Дагестана» газета-

⇨2

№19 (19) 14 октябрь 2011 сон

Абиязгун, кучIдуз тарих хъваларо...

⇨1 ги кодобе босулаго) дир бащдаб гIумру ана аваразул тарихалъулги, гьезул бахIарчилъиялъулги бицунеб тарих хъвалаго. Дида гуро малъаризе кколел сугъулги, гIандалалги, гьаний жидерго газеталдаса авар мацI хIажат гьечIин хъвадарулей Марина Кабашилова абурай гIадан яче абе битIараб нухде. Цойги йиго Мадина Хуршилова абун гьадинабго тайпа, гьезие, жидерго росдал чагIазе кье абе тарбия. ГIурусаз абула, куц гьетIараб бугин матIуялде тударугеян.

— Дуца бице къокъго 1741 абилеб соналъул риидал ккараб рагъул хIакъикъияб тарих ва жакъалъагIан букIаралъул сунда мун рекъоларев?

— ГIандалазул цо-цо гIадамазе, Афгъанал квегъарав, Индия босарав Надиршагь щущахъ виххизавиялъул тарих тIолго магIарулазухъаги бахъун, цохIо жидер чанго росдада бухьинабизе къварегIун буго. Гьеб киназдаго цебего бичIчIун буго. ТIубарал гIандалалги гуро, Сугъралъ росу ва гьезда тIаде дагьалго чагIи рачIанин рагъизе. Гьеб жо хIакъикъат ккоаро. Кинабха букIараб хIакъикъат? Гьеб къеркьеялъулъ аварал рахъиялъе кьучI лъурав чи вуго Гьидалъа имам ГъазимухIамадил инсул кIудияв эмен ИбрагьимхIажияв, гIемерал жамагIатал Надиршагьасулгун жо кколарин гьесда гъоркь ине къачIан рукIана. Гьев чияс рахъизаруна гIадамал. Гьидалъа ИбрагьимхIажияс. Гьес кагъат хъвана Надиршагьасухъеги, тIоцере Сурхайханасдаса цересел рагъазул къисас босизе рачIаралльун тана, гьанже ниж уздезаби хIисабалда рагъизе ккола нужгун. Нужер дунялалда машгьураб цIарги буго, боцIиги буго, ниж жахIалго те, течIони, гьаниб аваразул ракьалда малакь мерхьизе бугин нужер бергьенлъиялъул байрахъин. Шагьасул аскар цIакъго кIудияб букIиналъ, Аллагьасда гьардолел рукIана тIабигIияб балагь – квач, гIазу – цIад базабе гьесда тIадеян. Бищунго гьеб къабулъулев ва гьарулев чи вукIун вуго МачIадаса ХIадис абун. Хадуб цIорой, гIазу-цIадги ккан шагьасул боязда тIадеян буго.

— Киназго бицен гьабулев Сугъралъа къади ПирмухIамадил хитIаб кибе араб?

— Гьединав чи вукIана, заниги буго, амма цониги документ гьечIо гьес хитIаб гьабураб. Азербайджанги чурхъун Надиршагь вачIана Самуралъул жаниблъиялде, жакъа югалъул Дагъистаналъул чагIаз хъвалеб буго данде рагъанин Надирида, гьеб гьереси буго, жалго персаз хъвалеб буго данде сайигъат – саламгун рачIанин, хIатта чакмабазда къочанин хъварал бакIалги руго. ЛъарагIаз, даргияз, тумаз лъицаниги дандечIей гьабичIо. МагIарулалги хIинкъун рукIана ИбрагьимхIажияс хитIаб гьабизегIан. Гъумекдерил Кули росулъе вачIун вуго Надир данде туманкI кьвагьичIого. Сурхайхан асирлъаниги дагьал яхI бугел гIадал тумал уна ЧIарада районалъул мулк – ракьалде. Надирил аскарал тирулел рукIана аваразул ракьалда, мулк – ракьалде гьел щварабго, Къанихан абурав афгъанас бетIерлъи гьабулел Надирил боязул чагIазулгун мулк – ракьалъул гIолохъабазул питна ккола. Гьебги ккана Сурхайханасдаса нахъе арал тумал дора ратарабго Надирил бодул чагIаз байбихьула гъоздезун питна, нужер хан нижее асирлъанин, магIарулаз хIехьечIо гьалбадериде дол тIаделъи. Гьениб байбихьула тIоцебесеб рагъ. Надиршагьасда данде тIоцебесеб хвалчен бахъана сугъулдерица гуро, мулкракьалъул чагIаз. Гьеб заманалда аваразул бищунго лебалал гIолохъаби рукIана рагIун буго Надиршагь аваразул ракьалде щун вугин. Гьеб рагIараб сагIаталда гьел аскаргун рагъ байбихьун кIиабилеб къоялде щола Аваристаналде. Гьел щвезегIан мулк -ракьалъги, гIандалазги, чIарадисезги гьидерицаги рагъизе байбихьун букIана. Гьебго заманалда хундерил аскарги бачIана цеве МуртазагIалиги гьавун, гьенир рукIана хунзги, гумбеталги, гIандалги, ансалги ва цогидал аваралги. Аскаралда цадахъ вукIун вуго Къебедасулавги, ГIобохъа ГIалихIажиги абурав кIиго кутакав кочIохъанги. ГIандалазул жаниблъиялде рагъ щварабго киналго магIарулал рукIана гьенир. Кутакаб бахIарчилъи бихьизабуна кIкIуядисез ва гьидерицаян хъвалеб буго. МагIарулазул цолъараб аскаралъ рагъ байбихьулаго къажарал ГIобохъ, МохIоб росабиги рухIун жаниблъиялде рачIун рукIана, гьелги данде рагъана. Гьеб кIудияб тарих буго, хIасил калам, лъица щиб хъваниги гьеб букIана аваразул гIаммаб къеркьей. Тарихалъул тIанчаз цо-цо рахчун хутIарал бакIазде нуцIа рагьулеб буго.

— Гьелъ чанги бакIалде нуцIа рагьанин ккола, щаялиго дур тIехь къватIибе бачIинги, Гъумекиб президентгун гьесул чукъа – рахьан гIахьаллъун МуртазагIалие памятник рагьиги цадахъ ккана, щиб баян кьелеб дуца гьелъие ва дуца рахъ кколищ гьеб памятник рагьиялъул?

— Дир хIалтIулги, хIакимзабаз рагьараб памятникалъулги гIаммаб жо щибниги гьечIо. Дида лъаларо ва лъазе хIажат гьечIо доз гьабулеб буго жо.

— 270 соналъ цебе, 12 сентябралда Сурхайхан асирлъараб бакIалда буго памятник. Гьеб кин бичIчIилеб, дуда тарихчи хIисабалда дандчIванищ цойги гьединаб памятник, бергьенлъи босаралъуб гуреб, асир гьаруралъуб лъураб. Гьев Сурхайхан гьенив асир гьавиялде дур дагIба гьечIогури?

— 1741 абилеб соналъ Надиршагь Дагъистаналъул ракьалде вачIарабго гьесда данде рагъизеян рукIарал ханзаби хадур хIинкъана, Сурхайханги цогидал ханзаби. Аваразул хутIун цогидал ханзаби Надирида гъоркье ун рукIана, живго Сурхайханги вачIана гьесухъе. Амма гьесул лъади Надиршагьгун йикIана абураб бакI дида батичIо.

— Амма гьеб цо халкъияб кечI бугоха тIирун чIун «Улка – ракь гвангъарай Сурхайил ГIашал, гьев къажарасулгун бусен цолъана» абун…

— Тарихиял хIужабаздалъун тарих хъвалаго тIоцере балагьизе ккола гIажамалъул текстазде ва цогидал гIараб, гIурус, фарс мацIалъул доб заманалъул баяназде. Абияздагун кучIдуздалъун тарих хъвазе бегьуларо. ХIисабалде росизе бегьула кучIдул, амма хIужа гIадин гIелмияб ишалъулъ лъезе бегьуларо. ТIоцебе гьеб пикру бачIана ЧIохъа цо офицерасдаса ва Багинуса ШугIайб – Афандидаса. Гьез хъвалеб буго бусен цолъанин. Къажараз жидецаго бахъараб бакIалда гьединаб зулму гьабулеб букIун буго, гьелъул рахъалъ хъвалеб буго ЧIарахъ 1734-35 абилел соназда ккарал рагъазулъ къажараз гьезул руччабазе кьураб гIакъубаялъул. Гьел хIужаби лъачIого хутIун гьечIо, Сурхайханасул лъадул рахъалъ кечIги, тIадехун рехсарав кIигояс хъвараб жоги гурони гьечIо.

— Киса – кибего букIараб гьеб къажаразул зулму Сурхайида аскIоб кин тIагIараб, бичIчIуларо гьей «сверухъ ракь гвангъарай Сурхайил ГIаша» шагьасе рекIее гIечIогойищ?

— Дида бичIчIун буго дуца гьеб кибе цIалеб бугебали, амма дица бицунеб буго тарихиял тIанчазда батараб жоялъул. Масала, мухIканго лъала Хайдакъалъул (Кайтаг) уцумияс жиндирго яс кьуна Надиршагьасе, гьесукьа хIинкъун, Надирица цо анкьица мунпагIатги босун, цогидав ханасе кьуна гъой, бетIерги сверун заманалдаса нахъе ячIана. Гьелъул рахъалъ кочIолъ гьечIо, хIакъикъиял документазда буго. Гьеб тарихалъул рахъалъ бокьараб жо хъвазе тIамуна гIурусаз, Пачаясдаса бахъараб, Обкомпартиялъул заманалде щун

— Тимур, Багинуса ШугIайб – апандиги обкомги кин данде ккелеб…

— БукIинчIо, ШугIайб – Апандияс гIурусаз малъухъе хъвазе рес букIинчIо, гьелдаса цебесеб тарихалъ къосинавун ватизе рес буго.

Масала, Сурхайханасул васасул вас вукIана гьесулго цIар тарав Сурхайхан абун. БахIарчияв чиги вукIана гьев, цIакъ гIурусал рихарав чиги вукIун вуго. Нилъер имам ГъазимухIамад вахъизегIанго гIурусалгун вагъизе байбихьана гьес, гьесул умумул инжит гьаризе тIамизеги рес буго гIурусаз гьедин хъвазе, дир пикруялда. Гьесдаса гIемерал мацIал гьарулел рукIана гIурусаз, гьев къватIулъа жо вугин. Гьелъул хутIел батизе рес буго.

— Сурхайханасул вас МуртазагIалица хундерил аскаралъе нухмалъи гьабунин абураб хIужа дуда киб батараб, гьанжелъагIан киб гьеб бахчун букIараб?

— Гьаб сагIаталда диде гъегъ балел сугъулдерихъеги, Хъазанбиев ГIалибегихъе щвараб тарих кинабго бугин дихъа щварабин абизе бегьула. Дун гIемерав хIалтIана текстазда ва тарихиял тIанчазда тIад. Тарихчиясул ихтияр букIуна цо – цо хIужабазда ва документазда мугъчIвайги гьабун жинцаго хIукму къотIизе. Гьеб цо, кIиабилеб – лъица щиб бицаниги хундерил ханасул доб заманалда анцIго сонцин букIинчIо. Дихъе щвана нуцалзабазул анцIила налъабилеб гIасруялдаса бахъараб, анцI- анцI кьер – лъил вас щив кколевали абун бихьизабураб наслуялъул рахас. Дица гьев хундерил ханзабазул рахъалъ хъвараб щинаб жо къабул гьабулеб буго, цохIо гьев хундерил нуцал Надиршагь вачIарабго гьитIинав вас вукIанин абураб жо хутIун. Нилъее бокьухъе хъвалеб жо гурелъул тарих. Тарихалъул тIанчаз ва хIужабаз гьедин бихьизабулеб буго. Азиялъул Наполеонин хадуб тарихчагIаз абурав, бащдаб дунял босарав Надиршагьасда данде квергIанисеб лъимада рагъ бачизе кIоларо, гьев хундерил нуцал вугониги.

— ЦохIо гьеб гуреб, МуртазагIалица аваразул боязе нухмалъи гьабунин хъвараб хIужа бугищ духъ, чара гьечIого хундерил нуцал щай вукIине колев, цогидав цевехъан вукIинчIищ аваразул, гьев тумав лъечIого?

— Руго хIужаби, гьев Хунзахъа Хъазанбиев ГIалибегица хъвалел маиндурал, нуцаласул бодул церехъаби рукIанин абурал жалги гьерсал руго, гуржиязул Гори (Сталин гьавураб) шагьаралда асклор, кIиго бодул цевехъанги вукIана Анцухъа Гелегаги, Унсоколоса Малачиги. Анцухъелги, хьваналги, ансалги рукIана гьев кIигоясул бетIерлъиялда гъоркь. Гьезда ги рахчизе ана гьесдаса. Живго Сурхайхан ЧIарада районалъул Рисиб росулъ жиндирго гьалбадерихъе вахчизе ана, Надиршагьас гьесухъе кагъат хъвала хехго вачIайин, ворчIуларин кив вахчанигиян абун.

МИЛЛАТ
МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

гьес абулел Чупановалги кирниги рукIинчIо, ургъарал жал - маргьаби… Цеве гьев Чупалав Сугъралъа вукIана, гьанже Хунзахъа лъугьана, гьедин гьабулеб жо букIунаро тарих. Дица хундерил тарих балагьун, Чупалав абурав чи дида гьенив ватичIо. Чупан ватана, Чупалав гьечIо. ГIалибегица абухъе бодул цевехъанасул хъулухъ ирсалъе кьолеб букIанин Хунзахъ абулеб жо кин бичIчIилеб? Эмен цевехъан вугин вас хьитазул устар, яги палугьан вукIинеги рес бугелъул. Ирсалъе кьолеб жойищ букIунеб рагъуе махщел ва

Инаралъул Надир-шагь

бодул цевехъанлъи? Цойги тарихияб хIужжа – I735 абилеб соналъ даргиязул уцуми Айгъумица хъвараб кагъат буго дица тIехьалда лъун, хитIаб буго къадизабазде, чIахIиял чагIазде, ханлъиялъул кверщел кодосел гIадамахъе, Надиршагьас нужее зарал гьабизе гьечIин гьесул рахъалде рачIаян. Нуцал бодуе бетIерлъиги гьабизе гIурав, ГIалибегица абухъе кIудияв чи вукIаравани битIун гьесухъе хъвалаан кагъат. ГIемерал чагIахъе хитIаб гьабиялъ бихьулеб буго гьев жеги бугеб ахIвал - хIал бичIчIизе гIурав чи вукIинчIевлъи.

— МуртазагIали цевехъанлъун теялъе гIилла?

— МуртазагIали вукIана цIакъ аваразде гьетIарав, гьезулгун бухьенги бугев, авар мацIги лъалев чи. Цересел рагъазулъги Анцухъа Гелегагун ва Унсоколоса Малачгун цIоралде чабхъеназда, рагъазулъ вукIарав, аваразда лъикI лъалев ва хIурмат гьабулев чи вукIана гьев.

— Кинго кIоларо бичIчIизе, кинаб рагъ гьабилеб эбел – эмен асирлъуда ругев чияс?

— Жеги I735 абилеб соналдаго Хайдакъалъул уцмиясги, Сурхайханасги, хутIаразги Надирие жал мутIигIал ругин кагътал хъвана, амма Сурхайил лъимал МуртазагIали ва МухIамад гьелда разилъичIо, гьел тIадехун рехсарал аваразул гIолохъабигун Азербайджаналда къажаралгун рагъизе ана, рагъулелги рукIана. Надирица I74I абилеб соналъ Сурхайил мутIигIлъиги, лъимал гъосухъ гIенеккунгутIиги къабул гьабун букIана. Гьениб Сурхайханасе хIинкъи букIинчIо.

— Бищунго рикIкIунев тарихчи, гIелмабазул доктор Расул МухIамадовас хъван рагIула гьев Надиршагьасул заманалъул хундерил хан МухIамаднуцал хъулухъалде лъугьанин 1715 абилеб соналъ. Кин гьесул 1741 абилеб соналъ 10 сон лъугьараб?

— Гьеб суал дуца кьезе кколаан Расул чIаго вугеб мехалда досие, гьес киса босарабали дида лъаларо. Амма мухIканго лъала, дида кодор рукIарал документал досухъе рукIинчIеллъи.

— Гьенибго ГIалибег Хъазанбиевас хъвалеб буго, 1772 абилеб соналъ Хунзахъе щварав гIурусазул дипломатасул хъвай-хъвагIаязда рекъон, МухIамаднуцал гьесда ватулев вуго 60 сон барав унтарав чи. Ай Р.МухIамадовасул ва гIурус дипломатасул бихьизаби данде кколеб буго. 1741 абилеб соналъ нуцал вуго битIун завалалда 30 сонил ригьалда вугев чи, гьесие лъутун рачIарал тумал щай?

— ГIалибегица абулеб буго гьедин, документ бугинги абула, амма гьел рихьизе толаро. Дихъе бугеб тарих буго гIарабалдаса буссинабураб, гьенив гьев гьавун вуго I730 абилеб соналъ.

— МуртазагIалида цадахъ Аваристаналде анин тумазул 5000 чи вугеб аскарин хъвалеб буго Иляс Каяевас, Хъазанбиевасул пикруялда я Ираналъул, я гIурусазул, я бакIалъул, халкъиял кучIдулъцин гьединаб баян гьечIо, дуца щиб абилеб гьелда хурхун?

— Каяевасул рахъалъа жаваб кьолев чи дун гуро, амма дида лъала гьес абизе рес бугеб жо. Туркаца Надиршагьасда данде вагъизе Сурхайханасухъе гIарац реххулеб букIана. Аскарги хьихьизе кколелъул. 5000 тумав магIарухъе анин абураб жоялда божизе бакI гьечIо. Гьеб къадар букIун батила МуртазагIалица нухмалъулеб гIаммаб аскаралъул. Гьенирги 80 проценталдаса цIикIкIун аварал рукIана, хутIарал тумал рукIун ратила.

— Киналго рагъазулъ давла щола бергьараб рахъалъул бодул бетIерасе ва рагъухъабазе, щаялиго машгьурав Тимурил букIараб Надиршагьасул хвалченги, гьиндустаналъул хазинаги, шагьасул тажги щун буго хундерил нуцаласе ва аваразе, тумазегун МуртазагIалие щвараб жоялъул рагIичIо.

Гьелъул рахъалъ тумазул гIалимчиясул хъвай – хъвагIай буго гIараб мацIалда гьабураб. Надиршагь щущахъ виххизавураб бакIалда шагьасул бечелъи ва давла цIикIкIунисеб къадар аваразул гIолохъабаз анин. Рагъизеги гьенир аваралги, Сурхайханасул лъималгун гьесул чукъбиги рагъанин. Амма тумалги хIачIого тезе бегьуларо, гIурусал тIоцере Гъумекире щварабго гьеб рагъда хадуб, 70 сон свераралдаса гьез гьарурал хъвай – хъвагIаял руго гьенир Надиршагьасдаса хутIарал гъумпарабиги, гIарадабиги, ярагъги батанин. Дица гьелъие инкар гьабулеб гьечIо.

— Гьеб бодул бетIер Чупаласдаса хутIараб хвалчен 1936 абилеб соналъ музеялде кьеялъул хъвай-хъвагIайги рагIула…

— Гьеб Иран шагьасул хвалчен Хунзахъ букIараблъи хIакъаб жо буго, гьелъул хIакъалъулъги тIоцебе дица хъвана. Надиршагьасдасаги гьеб бахъана Хунзахъа узденчияс, гьесухъа щвана гьеб ханзабазухъе, ГIалибегие кинабго рецц нуцабазде цIазе къварегIун буго, гьесул дагьабго махI буго гьел Чупановал абурал чагIазде. Гьес кутакав цевехъанлъун рехсолев гьезул Гьиматги наиб ХIажимурадида тIаса гIурусазде мацIал гьарулел чагIи рукIана. Гьес абулел Чупановазухъеги гьеб ханзабазул добаса бикъун щвараб букIана, ГIандалас чIварав Гебек ханасул васас жиндир инсул букIараб жоялъул хъвай – хъвагIай гьабулаго рехсолеб буго гьеб Иран шагьасул хвалченги риларал жалазда гъоркь.

— Аслиял суалал лъугIана, бугищ дур цебехун Надиршагьасул тарихалъулъ рагьичIого хутIараб, аваразда лъалареб бицине жо гьалда тIаде?

— Гьеб нужер «Миллат» газеталдасаги, гьадинго гIадамазда гьоркьобги цо къапилаялъ тIибитIизабулеб пикру буго дица тумазе аваразул тарихги гьунаралги ричанин гIарцухъ абураб. Дирги буго пикру гьел мацIазда хурхун гьадинаб – гьеб буго дица цIоралъул тарихалъулъ аваразул бахIарчилъиги, гьанже азербайджаназ арал нилъер ракьазулги хIакъалъулъ тIахьал хъвай рихун, къажаразул олигархаз гIарацги кьун ричун росулел хIалихьатал магIарулаз даргиязда ва къажаразда берцин рихьизе, дун аваразе суризавулев вуго. Гьединаб буго дир пикру.

— КигIан кIваниги тамашаяб пикру бугоха, Тимур, гьеб. Къажаразул гIарцухъ, даргиязда берцин рихьизе авараз мун какулеб, дуца тумал реццулеб. Гьениб бищун санагIатаб хIал тумазул буго. Баркала гара – чIвариялъухъ.

ИНСАНАСУЛ ИХТИЯРАЛ

гара-чIвари

Законалъ ихтияр кьечIониги, халкъалда лъала жидерго бахIарзал

Дагъистаналъул рагъулаб комиссариаталъ инкар гьабун буго 1999 соналъ нилъер республикаялда ккарал рагъулал тунка-гIусиязулъ гIахьаллъарал ополченцал рагъул ветераналлъун рикIкIине. Гьединаб гIарзагун Казбек районалъул судалде гьеб мухъалъул ополченцазул 29 чи вачIанилан хъвалеб буго информациялъул алатаз. Кабек районалъул судалъ гьеб суал битIун буго Россиялъул Конституциялъулаб судалде. 11 октябралда гьеб гIарзаялда тIасан данделъи тIобитIанилан баян кьуна рехсараб судалъул пресс-хъулухъалъ.

Республикаялъул рагъулаб комиссариаталъ щай инкар гьабурал ополченцал рагъул ветераналлъун рикIкIинеян цIех-рех гьабидал, баянлъана гьелъие гIилла.

ГIадатиял гIадамазда гьоркьоса рагъулал лъугьа-бахъиназулъ гIахьаллъарал чагIазе ветераназул цIар кьезе кколилан хъвараб бакI гьечIила цониги законалдайилан абулеб буго гьелъ, гьединго «ветераназул хIакъалъулъ» бахъараб федералияб законалдаги гьечIила гьелъул хIакъалъулъ цониги пункт.

Гьелъул гIаксалда жидерго пикру загьир гьабуна Казбек районалъул судалъ. ВатIаналде тIаде ккараб къо борхи щивав чиясда тIадаб борч кколилан рикIкIунеб буго гьелъ. Гьеб налъи ракIбацIцIадго тIубазабунила жидер ополченцаз, ветераназул цIаралъе гьел мустIахIикъал гьечIилан абураб хIукмуялда киндила жал разилъилел.

ХIакъикъаталдаги гьеб бакIалда Казбек мухъалъул гIадамал ритIарал гьечIиланги кинха абилеб? Нилъерго рукъалъул кIалтIе кодоб ярагъгун тушман вачIараб къоялъ гьесда данде вахъинчIого щивниги чIелаандай нилъер. Умумузул биценаздаса байбихьун халкъияб кIалзул гьунаразул асаразде щвезегIан гIемерал хIужаби руго нилъер ракьалде вачIарав тушманасде дандечIелъеялъулъ гIасрабаз нилъер халкъалъ гьабураб бахIарчилъиялъул бицунеб. Гьезие наслабаз кьуна хвел гьечIел бахIарзазул цIар, гьелда жаниб кIудияб ритIухълъи буго. Гьанжейин абуни къануназ ихтияр кьолеб рагIуларо ритIухъаб цIар абизе. Пачалихъалъул къануналги бокьудахъе хисулел рукIин хас гьабун гьелъул бицинчIониги, гIакълу бугев чиясда бичIчIун батила. Доб араб гIасруялъул ахиралда, жужахIалъул умматалъ рагъул кор борхьарал росаби талихIкъосиналъ батаниги, ТIадегIанасул къотIиялдалъун батаниги, гьеб балагьалда цере эхетизе ккана, эхетизе ккечIел дунги цогидалги гьел хIалуцарал къоязул нугIзаллъун рукIана ва жакъа къоялъги руго. Гьединлъидал рекIелъ иманги яхIги бугев бусурманчиясе рекIее къабуллъизе рес гьечIо нилъер республикаялъул тIадехун бугеб идараялъ гьабураб хIукму.

ХIакъикъат дагьабги мухIканлъиялъул, тIадехун рехсанщинаб дагьабги камил гьабиялъул мурадалда дица гара-чIвари гьабуна 12 соналъ цебе тушманасда данде рахъарал Казбек мухъалдаса ополченцазда гьоркьов вукIарав Сайгид-Салимилгун.

— Сайгидсалим, нужер росулъ ополчение кинан гIуцIараб?

— 1999 соналъ нижер Алмахъ росулъ ва гьединго сверухъ ругел цогидалги росабалъ байбихьана ополчение гIуцIизе. Гьелъие квербакъана районалъул жанисел ишазул идараялъги, республикаялъул рагъулаб комиссариаталъги цогидазги. Нижер росулъа 40 чиясдасан гIуцIараб къукъа букIана кодоб ярагъгун. Нижер ополчение бикьун букIана кинабниги 15 рагъулаб точкаялде, гьел рукIана гIаммаб къагIидаялъ чачаназулгун гIорхъода бугел бакIал. Рухъун окопалгун сордо-къо батIалъи гьечIого цIунана нижеца росу, дидаса гIисиналги рукIана гьенир цадахъ, цIикIкIараб ригьалъул чагIиги рукIана.

— Дур пикру кинаб бугеб рагъулаб комиссариаталъ гьабураб хIукмуялда тIасан?

— Рагъулаб комиссариаталъ законалде мугъчIвай гьабулеб батани, гьабизе биччан те, амма дирго рахъалъ абуни, ополчениялда гIахьаллъарав кинавго чи мустIахIикъав вуго рагъул ветеранасул цIаралъе, нижеда гIемераб къо бихьана росу цIунулаго, гIисиналчIахIиял батIалъи гьечIого хIатта руччабазги гIахьаллъи гьабуна гьениб.

— Гьениб гIахьаллъи гьабуралъухъ хIукуматалъул кинал ругониги бигьалъаби щваралищ нужее?

— Щибниги гьабичIо гьез нижее кумек, гьабилилан рагIи кьуна, амма нижее щвараб жо ккечIо. Гьанибго абизин, дида лъола цогидал ополчение гIуцIун букIарал цоцо районалъул гIадамазе кьуна гьеб ветеранасул цIар, дида лъаларо кинаб хIужа гьезие сабаблъун ккарабали, амма гьезие гьеб цIар кьураблъи хIакъаб иш буго.

Сайгид-Салимица гьабсагIаталда нухмалъи гьабулеб буго жидерго мухъалъул гIолохъабазе, цо-цоязда гIадгоги букIине бегьила гьеб, амма чачаназулгун гIорхъода бугеб Казбек районалъул гIадамазул божилъи батиларо метерисеб къоялъги 12 соналъ цебе букIараб хIакъикъат нахъойги такрарлъилалрилан.

Гьединлъидал Сайгид-Салимил гIолохъабиги гьелъие хIадур рукIинелъун гIуцIараб гIолилазул ополчение батилин гьебилан тана дица.

P.S. Казбек мухъалъул ополченцазул суалалда тIасан Конституциялъул судалъ кинаб хIукму гьабурабали гIицIго моцIидасан гурони лъаларилан абураб баян кьуна гьезул пресс-хъулухъалъ, хьул буго гьезул жавабалъгIаги казбекалъулал рази гьарилилан…

Ашахан ЮСУПОВ
Хас гьабун «Миллат» газеталъе

№19 (19) 14 октябрь 2011 сон

КОРРУПЦИЯ ВА МИТИНГАЛ

ГьагьалУхIумихъе – хIамул нилъехъе

Ришватчилъиялде данде къеркьезе хасаб программа хIадур гьабуна Дагъистаналъул юстициялъул министерлъиялъ. Гьеб программа 2012 соналдаса байбихьун лъабго соналда жаниб тIубазабизе хIисабалде босун буго.

9 миллион ришватал дагьлъиялъе

Юстициялъул министерлъиялъ гьеб программа тIибитIизабуна пачалихъиял информациялъул алатаздасан. Гьедин киналго дагъистаниязул рес буго гьелда тIасан жидерго пикраби загьир гьаризе. Киналго пикраби хIисабалде росилинги абулеб буго министерлъиялъул вакилзабаз.

Программаялъул аслияб мурад кколеб рагIула ришватчилъилъи баккиялъе гIиллаби тIагIинари, гIадамазда гьоркьоб ришватчилъиялъул зарал букIин бичIчIизаби ва гь.ц.

«Ришватчилъи тIибитIулеб буго хIакимзабазда хадуб халкквеялъул хIалтIуца хIасил кьунгутIиялъ», - илан хъвалеб буго гьениб.

Гьединго министерлъиялъул пикруялда рекъон, ришватчилъиялъе кумек гьабулеб буго гьебгун къеркьезейилан гIуцIараб законалъул загIиплъиялъги, гIадамазул моралияб рахъ тохлъиялъги.

Бицен гьабулеб программа тIубазабиялъе 9 млн гъурущ харж гьабизе кколилан бихьизабулеб буго юстициялъулаб министерлъиялъ.

Гьеб гIарац хвезабизе буго, мисалалъе, ришватчилъиялъул зараралалъул бицун гIадамазда гьоркьоб пропаганда гьабизе, ришватчилъиялъул хIужжабазул информация тIатинабизе шартIал чIезаризе, гIадамал хIалтIуде росиялъул хасаб политика билълъанхъизабизе.

Гьеб кинабго хIалтIи кин гьабизе бугебали рехсон гьечIо программаялда, амма кьезе ругел хIасилазул хъван буго.

Мисалалъе, ришватчилъиялде данде къеркьезелъун гIуцIараб программа хIалтIани, Дагъистаналда ришватчилъиялъул къадар дагьлъизе бугила, гьелда данде хIалтIулел законал лъикIлъизе ругила, ришватчилъиялъул такъсиразда сверун хIалтIи лъикIлъизе бугила, хIукуматалдехун гIадамазул божи цIикIкIине бугила ва гь.ц.

Дагъистаналда ришватчилъиялде данде къеркьезе жакъа гурелги рахъун рукIана. Республикаялъул парламенталъул депутатаз къабул гьабуна 2009 соналъул 26 марталда гьелда хурхараб хасаб закон.

Гьеб къанун хIалтIулеб гьечIолъиялъищ, яги гьеб гIоларогойищали юстициялъулаб министерлъиялъги гьанже жидерго программа гIуцIана.

Ришватчилъиялъул рахъалдасан Дагъистаналъ Россиялъул регионазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI кколеб бугилан абулаан журналистаз. Мисалалъе, Россиялъул журналистазул союзалъул секретарь Касютин Владимирица Дагъистаналъул журналистазда цеве кIалъазе вахъиндал абуна Москваялда баккун бугин хасаб термин «дагестанизация общества» абун. Гьеб термин Москваялъул журналистаз хIалтIизабулеб буго Россиялда бокьанщинаб жо гIарцухъ бичизе-босизе бегьулин абулеб мехалъ.

Табасаран мухъалъул ришватчилъиялде данде къеркьолеб жамгIияб комитеталъул вакил Мурадов Зиявудиница рикIкIунеб буго, ришватчилъиялда данде хIукуматалъ гьабулеб хIалтIи бихьулебгицин гьечIилан: «Программаби гIемер руго, законал гIемер руго, гIемер бицунеб буго, амма ришватчилъи, гIемерлъулеб гурони, дагьлъулеб гьечIо. Гьел хIакимзабазул хIалтIул киналгIаги хIасилал рихьулел гьечIо».

Митингалдени рахъана…

3 октябралда ришватчилъиялде данде тIобитIараб митингалда сверун харбал жеги тIагIунел гьечIо. Низам цIунулез абулеб буго гьеб митинг тIобитIизе изну кьун букIинчIин. Митинг гIуцIаразни рикIкIунеб буго къуваталъул идарабазул хIалтIухъабазда законал жидедаго лъалел гьечIилан.

Гьеб митингалда гIахьаллъана 500 - гIанасев чи. Ахир-къадги низам цIунулез митинг биххизабуна. Гьеб тадбиралда гIахьаллъараз бицана журналистазе, полициялъулаз чанги чи вуханин, электрошокералги хIалтIизарулелги рукIанилан. ПалхIасил, къуваталъул идарабазул хIалтIухъабаз ккун ана митингалда гIахьаллъарав 28 чи.

Гьел рачана МахIачхъалаялъул Советский РОВДялде ва кIиго къо бана гьез гьениб цо камераялда жаниб. Я регизе, я гIодор чIезе рес букIинчIилан бицана гьез хадуб.

Гьел къватIире риччана, цоцоязда тIад гIакIабиги къотIана. Гьел къватIир риччаялъе хIаракат бахъулев вукIарав «Черновик» газета гIуцIарав Камалов ХIажимурадица хадуб газеталда хъвана полициялъулаз абулеб бугин митинг майданалда гьабизе лъицаниги изну кьун букIинчIин. Законалда рекъон, митингалъе лъилниги изну къваригIунаро. Гьенир рехсон руго кинал бакIазда митингал гьаризе бегьуларелали, амма Ленинил цIаралда бугеб майдан гьединазда гьоркьобе унаро. Камаловас хъвалеб буго полициялъулаз митингалда гIахьаллъаразул ихтирал хвезарунин, гьединлъидал гьезие тамихIги гьабизе кколин. Гьеб гьабиялъе гIоло Камаловас рагьулеб буго хасаб гIарцул фонд. Камаловасда ракIалда буго бакIарараб гIарцухъ тIаса рищун адвокаталги ккун, къанунал хвезарулел полициялъулазе тамихI гьабизабизе.

Митинг тIобитIулеб къоялъ МахIачхъалаялда унеб букIана Шималияб Кавказалъул жанисел ишазул министерлъабазул хасаб данделъи. Гьеб данделъи бачунеб букIана Россиялъул жанисел ишазул нухмалъулев НургIалиев Рашидица. Митингалда гIахьаллъараз рикIкIунеб буго, низам цIунулез ургъунго биххизабунин жидер тадбир, НургIалиевасда пикет бихьичIого букIине.

ДРялъул МВДялъул пресс-хъулухъалъ пачалихъиял газетазда тIибитIизабураб релизалда хъван буго митингалда гIахьаллъараз, ургъунго пикет хIалуцинабиялъе, полициялъулазда инжитал рагIаби абулел рукIанин.

Митингалда гIахьаллъарав Дагъистаналъул афгъаналъулазул гIуцIиялъул цевехъан Хадулаев Шамилица бицана гьеб гьереси бугилан: «Полициялъул рахъалдехун щибго инжитаб рагIи лъицаниги абичIо, цохIо гьезул хIалтIи лъикIлъизабизе кколин гурони. Хадуб нижеца лъазабуна гьеб. Полициялъулаз жал инжит гьабулел рагIабилъун рикIкIунел рагIула «Алагьу Акбар!» илан ахIдей».

Митинг Ленинил майданалда гуреб, Родопалъул бульваралда гьабейин абураб юстициялъул министерлъиялъул гьариялъухъ гIинтIамизе бокьун гьечIо «Отечествоялъул» вакилзабазе, щайгурелъул митинг гьукъизе лъилниги рес гьечIо. Жидеца митинг гьаб пуланаб бакIалда гьабулеб бугилан хасаб кагъат хъвай гурони, гьеб гьабиялъе лъилниги изну къваригIунаро.

Законалда рекъон гьеб гьедин букIаниги, инсанасул ихтиярал цIунулезул вакил ГIумарова Умупазилица Дагъистаналъул прокуратураялде битIана законалда рекъон гIуцIун букIанищ митингали къимат кьейин абураб кагъат.

«Митингал гьарулел чагIи хIадур рукIине ккола пачалихъиял идарабазулгун хабар рекъезабизе», - йилан рикIкIунеб буго ГIумарова Умупазилица.

«Отечествоялъул» нухмалъулей Раджабова Неллица «Миллаталъе» абуна ГIумарова Умупазилида законал лъалел гьечIилан: «БитIараб бицани, гьанже гIадаб захIматаб заманалда гьеб хъулухъалъулги, гьеб хъулухъалда вугев чиясулги тIири ургъел гьечIо дие. Информациялъул алатаздасан цебеккунго лъазабун букIана митинг тIобитIулеб бугилан. Гьелъул хIакъалъулъ омбудсменалда (инсанасул ихтиярал цIунулелда) рагIичIого букIине рес гьечIо. Митинг гьабиялъе, законалда рекъон, лъилниги изну къваригIунареблъи лъалеб гьечIо ГIумарова Умупазилида. ГIадатиял законалгIаги лъачIого, гьеб хъулухъалда йикIине кин гьелда кIолеб?!»

Митингалда гIахьаллъаразги хъвана Дагъистаналъул прокуратураялде полициялъ гьеб тадбиралда гьабурабщиналъе къимат кьейилан абун кагъат.

Мисалалъе босани, интернет…

Ришватчилъиялде данде къеркьеялъе дагьа-макъаб хIалтIи Дагъистаналъул блоггеразги гьабулеб буго.

Snega-kavkaza.livejournal.com блогалъул авторалъ абулеб буго республикаялъул хIакимзабазда лъикIаб нух батун бугин бюджеталдаса гIарац бикъизе.

Жий тендеразда хадуб хал кколеб гIуцIиялда хIалтIулей йигилан хъвалеб буго блоггералъ, гьединлъидал гьелда лъалеб буго бюджеталъул щибаб кепек кибе унебали.

Пачалихъалъул хъулухъалъе къваригIараб къайи бича-хисулеб бихьизабураб сайталда (zakupki.gov.ru) республикаялъул идарабаз лъола жидее гьаб жо къваригIун бугилан абурал лъазабиял.

Snega-kavkaza блоггералъ жиндирго интернет-даптаралда рехсон руго цо-цо гьединал лъазабиял.

Масала, Дагъистаналъул нухмалъулесул администрациялъ чанги нухалъ босанин чай гьекъолеб сервиз 150 азарго гъурущги кьун. Гьебгиха цо сервизалъухъ! Чанги сувениралги росанин нухмалъулесул администрациялъ миллионалги кьун.

Авторалъ гьединго хъвалеб буго цодагьаб мехалъ цебе Лак мухъалда къотIи-къай гьабунин 8 млн гъурущги кьун фельдшерлъиялъул пункт базе. Гьединал пунктал разе тIокI гьабун бугила 3 млн гъурущ.

Пачалихъалъул хъулухъалъе къваригIараб къайи бича-хисулеб сайталда лъурал Дагъистаналдаса

Данде ккве - Гъизилюрталъул администрациялъ бесдал лъималазе цо рукъалъул секция босулеб буго 750 азар гъурущги кьун. Гьелде ккун бугоха Дагъистаналда иш. Цояб бакIалда бесдал лъималазе гIарцудалъун кумек гьабулеб буго, цогидаб бакIалда гьебго гIарцул багьаяб бакIкъварегIун буго хIажат тIубазе. КIулалгIаги лъихъдай рукIина гьеб туалеталъул? ЦIурире щвейдал гьенире раккичIого рес гьечIо...

№19 (19) 14 октябрь 2011 сон

лъазабиязда сверун улкаялдаго рагIараб чанги гъалмагъир ккана исана интернеталда.

Дунялалдаго цIар рагIарав блоггер Навальный Алексейица жиндирго блогалда (navalny.livejournal.com) лъуна Дагъистаналъул финансазул министерлъиялъул лъазаби. Гьелда рекъон, Дагъистаналъул минфиналъе бокьун букIана босизе Ауди автомобиль. Гьелъул багьагиха 8,5 млн гъурущ!

Навальный Алексейица гьелда тIасан жиндирго пикру загьир гьабулаго хъван букIана Дагъистаналъул бюджет 75 проценталъ дотацияздасан гIуцIараб бугин. Гьединлъидал, бакъуца холеб республикаялъул министрасе гIумру гьуинлъизе бокьунилан щивав россиялъуласдаса гIарац (налог) щай бакIаризе кколебилан.

АхIи-хIур бахъун кIиабилеб къоялъ гьеб лъазаби сайталдаса нахъе босун батана. Дагъистаналъул финансазул министр ХIамидов ГIабдусамадица абуна гьеб лъазаби гъалатI ккун лъураб букIанилан.

Навальный Алексейица бахъинабураб ахIи-хIурги берцин бихьун, Дагъистаналдаса блоггералги журана гьеб сайталдасан гьелдаго рельлъарал лъазабиял ралагьизе.

Гьединал лъазабиял, мисалалъе, Дагъистаналъул физкультураялъулгун спорталъул министерлъиялъул ратана. Цо миллионгун 400 азарго гъурщиде автомобиль босун батана гьеб министерлъиялъ.

Миллион багьа бугеб автомобиль босун буго Сулейман-СтIал мухъалъул администрациялъ.

ГIахъуша мухъалъул администрациялъ босана буго 3 млналде джип-автомобиль.

Гьединабго автомобиль босана МухIарамкент мухъалъул администрациялъ.

Дагъистаналъул нухмалъулесул администрациялъ гIарцул 50 сагIат босана кIиго млн гъурщидаса цIикIкIун гIарацги кьун.

Gizru.livejournal.com блог бачунесда гьаб анкьалъул ахиралда батана Дагъистаналъул жанисел ишазул министерлъиялъул лъазаби.

Гьениб хъвалеб буго БТР къачIазе къваригIун бугилан. Гьеб къачIарасе жанисел ишазул министерлъиялъ бихьизабун буго 4 млн - алдаса цIикIкIун гъурущ.

Гизру блоггерас хъвалеб буго интернеталда ругин БТР бичиялъул лъазабиял. Гьеб босизе бегьулин 2,5 млн гъурщиде.

Гьединго блоггерас хъвалеб буго, Хайдакъ мухъалъул администрациялъе бокьун бугин миллионгун 210000 гъурущги кьун Тойота-камри босизе. Гьединабго автомобиль босизе къасд буго Дагъистаналъул механикияб техникумалъул, амма гьез гьелъие бихьизабун буго миллингун 80 азарго гъурущ.

Gizru блоггер гьединго ЧIарада мухъалъул администрациялдаги «хъвана». Гьелда ракIалда буго ЦIуриб росулъ 729 487 гъурущ багьаяб... туалет базе!

Данде кквe - Гъизилюрталъул администрациялъ бесдал лъималазе цо рукъалъул секция босулеб буго 750 азар гъурущги кьун. Гьелде ккун бугоха Дагъистаналда иш. Цояб бакIалда бесдал лъималазе гIарцудалъун кумек гьабулеб буго, цогидаб бакIалда гьебго гIарцул багьаяб бакIкъварегIун буго хIажат тIубазе. КIулалгIаги лъихъдай рукIина гьеб туалеталъул? ЦIурире щвейдал гьенире раккичIого рес гьечIо…

Гьел киналго хIужжабазул хIакъалъулъ блоггераз хъван букIана, хъвалебги буго, амма цоници лъазаби гьел хъвайхъвагIаял сабаблъун нахъе бахъичIо пачалихъалъул хъулухъалъе къваригIараб къайи бича-хисулеб бихьизабураб сайталдаса. КигIан нилъеца коррупциялъулги, ришватазулги, закон хвезабиялъулги хъваниги пачалихъ ругьунабго нухдаса унеб буго. МагIарулаз абухъе, гьагьал УхIумухъе, хIамул нижехъе кколел руго.

ЦIуриве щвезе хиял лъурав
МУХIАМАДОВ Закир

P.S. Гьединлъидал чIарадисезда баркизе бегьула интерн еталдаго цIар рагIараб туалет. Гьениб туризм цебетIезабиялъе хасаб программаги ургъун, ЦIуриб бугеб туалет бихьизе белтал ричичIого рес гьечIо гьанже. Гьеб бизнес-идеялъухъ «Миллаталъул» редакциялъ гIарац гьарилаго ЧIарада мухъалъул администрациялъухъа. Редакциялъул щивав хIалтIухъан кIицIул хIажат тIубазе виччаниги гIела…

Лъида хадуб кигIан бугеб ?

	ДРялъул министерствабазулги идарабазулги цIарал	ТIадагьаб автотранспорталъе чIезабураб къадар	ТIадагьаб автотранспорталъул хIакъикъияб къадар	Бихьизабуралдасаги цIикIкIун хIалтIизабулеб тIадагьаб автотранспорталъул къадар
1	Туризмалъул агентство	2	2	0
2	Экономикаялъул министерство	9	9	0
3	Юстициялъул министерство	5	5	0
4	Росдал магIишаталъул министерство	6	6	0
5	Ракьулги мал-мулкалъулги министерство	7	7	0
6	Промышленностальул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министерство	6	4	
7	Миллияб политикаялъул, диниял ишазул ва къватIисел бухьеназул министерство	6	7	1
8	ТIабигIиял сурсатазул ва экологиялъул министерство	8	8	0
9	Физкультураялъулгун спорталъул министерство	4	6	2
10	БакIал раялъулгун ЖКХялъул министерство	11	7	
11	ГIиси-бикьинаб даран-базар цебетIезабиялъул комитет	3	5	2
12	ЦIолбохъанлъиялъул ва алкоголь бича-хисиялъул рахъалъ гIуцIараб комитет	4	2	
13	Халкъияб махщалил комитет	3	3	0
14	Транспорталъул комитет	3	3	0
15	Полилазул политикаялъул комитет	3	3	0
16	Печаталъул ва массовыял коммуникациязул комитет	3	2	
17	Рохьил магIишаталъул агентство	5	5	0
18	Финансазул министерство	10	10	0
19	Культураялъул министерство	4	4	0
20	Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерство	4	6	2
21	ЗахIматалъул ва социалияб цебетIеялъул министерство	7	8	1
22	Ветеринариялъул комитет	4	11	7
23	Архивазул Управление	1	1	0
24	Информациялъул технологиязул Управление	3	2	
25	Машинабазул ва цогидаб техникаялъул техникияб хIалалда хадуб халкколеб пачалихъияб инспекция	3	3	0
26	Тарифазул рахъалъ гIуцIараб хъулухъ	4	4	0
27	Репрессиялде ккарал гIадамал гочинариялъул ва гьел ритIухъ гьариялъул Управление	3	3	0
28	Инвестициязул ва къватIисел экономикиял бухьеназул агентство	4	4	0
29	РукIа-рахъиналъул министерство	5	3	
30	РФялъул президентасда цебе бугеб ДРялъул вакиллъи	9	9	0
31	Сахлъи цIуниялъул министерство	3	3	0
32	ХIисаб кьеялъул палата	Къадар чIезабун гьечIо	12	
33	Рищиязул комиссия	Къадар чIезабун гьечIо	4	
34	Верховный судалда цебе гIуцIараб Судалъул департаменталъул Управление	Къадар чIезабун гьечIо	1	
35	Инсанасул ихтиярал цIунулеб вакиллъи	Къадар чIезабун гьечIо	2	
	Кинабниги:	**152**	**174**	**15**

Гьаб таблицаялда нужеда бихьулеб буго кинаб идараялда хадуб кигIанасеб автотранспорт бугебали. ДРялъул президентасул тIадкъаялда рекъон, контролиябгун финансазул управлениялъ хIадурараб документалда абулеб буго гьел машинабазул 57 процент бугин къватIир пачалихъазда гьарурал. Автотранспорт яги гьелъие къваригIараб-кватIаб босизе харж гьабулеб пачалихъалъул гIарцул 81 процентги гьел иномаркабазе унеб бугила. Масала, цо иномарка босизе чиновниказ гьоркьохъеб куцалда цо млн 200 азарго гъурущ хвезабулеб буго.

Гьединго бюджеталдасан хьихьарал учреждениязул бетIергьанлъиялдаги буго 1622 машина. Гьезда гьоркьоса 844 процент ккола тIадагьал машинаби - 53 иномарка, 570 автобусал, микроавтобусал. ЧIахIиял машинабазул къадар буго 208.

ГьабсагIаталда бугеб законалда рекъон, кинаб министерствоялда хадуб кигIанасеб машина букIине ккoлебали чIезабураб къадар гьечIо. Гьел идарабаз гьабулеб хIалтIул хIасилалъухъ яги пачалихъалъе гьез гьабулеб хъулухъалъухъ балагьичIого бокьараб букIине бегьулеб буго гьел машинабазул къадар.

ХIадур гьабуна
Зульфия ХIАЖИЕВАЛЪ

Сталиница

◆ Гьарадерихьа ГӀАБДУЛПАТАХӀ

ГЬарадерихьа поэт ГӀабдулпатахӀил творчествоялъул ва гьунаралъул хӀакъалъуль цересел номеразда нижеца бицун букӀана. «Миллаталда» кьолел руго ГӀабдулпатахӀил батӀи-батӀияб заманалда хъварал асарал. ГӀаммаб къагӀидаялда шагӀирасул творчествоялъул хал гьабурабго советияб пачалихъалъул идеологиялъе данде кколарел пикраби руго ГӀабдулпатахӀил. Гьес гьелъул гӀунгутӀабиги махащалида рихьизарулелги руго жиндирго творчествоялъуль. Жакъа гӀодобегӀанаб даражаялъул, учузаб рецц-бакъалъул тӀахьазги, гьел хъвалезги цӀалдолел къосинарураб мехалда хӀажатаблъун лъугьунеб буго хӀакъикъияв шагӀирасул рагӀи. «Миллаталда» цебе чӀараб масъалалъун лъугьана миллаталъухъе рагӀдукь тарал, риларал гьунарал тӀад руссинари. Гьелъул рахъалъ бищунго мухӀканаб мисаллъун вихьулев вуго Гьарадерихьа ГӀабдулпатахӀги.

«ГӀи – боцӀи цӀикӀкӀана, чед гьарзалъана
Фабрик – завод бана Сталиница...
ЦӀадаса ХӀамзат.

Бертаде къачӀадун, къулгьуде кванан
Кутак цебе лъуна Сталиница.
Колхозалъул боцӀухъ нацӀил путги къун
Мискин-халкъ гуккана Сталиница.
Армияги гӀуцӀун, гӀаламги гъурун,
ГӀадамал «къачӀана» Сталиница.
Кинабго халкъалде ракъул гӀорги тӀун,
Рукъ бухӀизабуна Сталиница.
РекӀелъ рахӀму бугев, чорхолъ яхӀ бугев
Чи гӀадамалъ течӀо Сталиница.
БотӀролъ гӀакълу бугев гӀадалъ нах бугев
ГӀадан чӀаго течӀо Сталиница.
ГӀагса бицанигии «гъурра» ахӀичӀев
Гьоркьов вакил течӀо Сталиница.
Жиндир пост хисилин ракӀалде ккарав
Полководец течӀо Сталиница.
Роххалил гӀумрудахъ гӀазабалги къун
ГӀадамал гъурана Сталиница.
ЦӀализе, хӀалтӀизе хӀаллицаги гъун,
ХӀиллачилъи ккуна Сталиница.
Макьилъ рихьаниги лъимал хӀинкъулел
ХӀакимзаби къуна Сталиница.
Гьурмал кьер хисичӀел хасалил сардахъ
Хисун жужахӀ къуна Сталиница.
Яшав гӀатӀилъана ришватчагӀазе,
Руснал къварилъана мискинзабазе
БоцӀи кодоса ун, кепкал гьечӀого
КолхозчагӀи тана Сталиница
Бицалъго букӀинчӀеб пачалихъалъе
Ничаб бутӀа къуна Сталиница.
Гьурмада лъим хъвачӀеб хъубаб цо агьлу
Хъулухъалда тана Сталиница.
Ленинил васият битӀун тӀубалев
БетӀер чӀаго течӀо Сталиница.
Гьесул нухалъ арал гьалмагъзабазда
Гьури базабуна Сталиница.
Буржуазиялъул миллатчагӀиян
Маргьаби ургъана Сталиница.
Чияр тайпайилан гьерсалги пунцӀун
Партийцал гъурана Сталиница.
Миллат, тухум гьечӀеб, нич, намус гьечӀеб
Гьоркьоблъи гӀуцӀана Сталиница.
Классал жагъалал жамгӀиятазде
ЖамагӀатал цӀана Сталиница.
МагӀишат кваналел квешал гӀункӀазул
Коллективал цӀуна Сталиница.
Колхозал хашалел хашал гӀанхразул
Хасал кадрал гӀуна Сталиница.
Щибаб щуго сонил планалги лъун,
Пачалъи бахъана Сталиница.
Пролетаралльун гӀаламги гьабун
ГӀузру ккезабуна Сталиница.
Наслуго лъаларел лъимал гьаруни,
ЛъикӀаб ужра кьуна Сталиница.
ЛъарагӀ авлахъалда бекьараб ракьалъ
Бакъул унти кьуна Сталиница.
Стахановцазул багъа-башари
Бигьун бецц гьаруна Сталиница.
Рагъго гьечӀониги гӀадамал чӀвазе
ГӀуцӀана бериял Сталиница.
Марксил ордеказда, инсул гӀункӀкӀазда
ГӀужрукъил тӀом гъуна Сталиница.
Инкъилабалъ кьурал бергьенлъабазухъ
Балагь хисун кьуна Сталиница.
Политикияб рахъ данде ккечӀесда
Дунял тезабуна Сталиница.
Жиндир тӀекъаб нухтӀе хӀетӀе бегьани,
ХӀаким кивго течӀо Сталиница.
НКВД-ялъе бункералги ран
Макруяб роль хӀана Сталинициа...
Араб бакӀ лъачӀого гӀадамал ххине
ГӀурус гьабал рана Сталиница.
Гьереси-гӀарзада гӀамалги гьабун,
ГӀадамал ккун ана Сталиница.
ГӀайиб чӀезабизе кӀвечӀел туснахъал
Квачан хвезаруна Сталиница,
Сибиралъул рохьахъ цӀул къотӀизеян
Хвезе чан ритӀарал Сталиница.
АнцӀила кӀигогӀан миллион гӀадан
Молода вигьана Сталиница.
Совет власталъе рухӀ кьун рагьарал
Чан Косиор чӀварав Сталиница.
Кинабго диналде данде бахъараб
Хвалчен борхат ккуна Сталиница,
Агитациялъги нотациялъги
Нух къосуда гъуна Сталиница,
Дуниял чӀалгӀараб, гӀумру рихараб
ГӀадлудал си бана Сталиница.
ГӀезе мех щвелелде щаргӀан хъахӀлъараб
Щвезабуна заман Сталиница.
Пут жанибе унеб къалиги хисун,
Къарум-банка кьуна Сталиница.
ХӀал-зулму гьечӀилан залимги витӀун,
Заем хъвазабуна Сталиница.
ГъотӀол гӀаркьел рикӀкӀун гӀарацги бахъун,
Бакъвазабуна ах Сталиница.
Рукъоб бугеб гӀакдай голареб харда,
ГӀантаб налог лъуна Сталиница.
Риди ххун, хинкӀал кун лъималги хутӀун,
Рахь кодоса ана Сталиница.
Целый взносилан, культсборилан
Кепказда кьабуна Сталиница.
Кваназе щолареб щарил нах бахъун
Щибаб моцӀалъ ана Сталиница.
Щибал росабалъ тун зулмучагӀигун
Зурарал руччаби Сталиница.
Квердаса баргъичал, гӀиндаса кӀилкӀал
ГӀемерал рахъарал Сталиница.
ГӀарац-меседалъул къай бакӀаризе
Кьойиил чи витӀана Сталиница.
КъуцӀараб квасуда кожа-тӀехьалда
ТӀад агентал тана Сталиница.
Ужра-мухь гьечӀого хӀалтӀизаризе
ХӀамул гӀадин гъуна Сталиница.
Пленальеги ккун нахъ руссаразда
Расандана тӀилал Сталиница.
ТӀилица рухарал гунгрулги унтун
Аза-азар чӀвана Сталиница.
ХвечӀого хутӀарал, гӀадаллъун гурел,
ГӀаданги веччачӀо Сталиница.
ГӀадаллъаразеги къоло щу-щу сон
Сибирги къотӀана Сталиница.
Сталин хун хадув, Хрущев вачӀун,
ЧӀаголъана чӀварал Сталиница.
Гьаниб «культличносталъ» кумек гьабунин
Рахъа мусру барал Сталиница...

1938—1946

◆ ХӀабиб ДАВУДОВ

А вы на земле проживете,
Как черви слепы живут:
Ни сказок про вас не расскажут,
Ни песен про вас не споют.
Максим Горький

Адаллое

Адалло, лъаларо, лъугӀичӀиш дур суд,
Ссурал дур ругъназде швалеб цӀам кинаб?
Кинал цӀадерабаз цӀалеб дур гӀайиб,
ГӀайибазул цӀураб Дагъистаналда?

Илхъидасан тӀурал, чолонир чӀечӀел,
Чуязде тӀаделъун тӀолабго хъублъи.
Хъуршизе рижараз боржан шиналде
Балеб гӀайибазул гӀарададул залп.

Лъаларо, Адалло кидал сахлъулел,
КочӀолги рокьулги рекарал мугъал?
Кида тӀадруссунел нилъер мугӀрузде,
МагӀнаги, рахӀмуги, бахӀарчилъиги?

Заманалъул зазтӀа рештӀарав шагӀир,
Щибго гьариларо, гьардухъан гуро.
Гьеб дур хӀалхьи гьечӀеб рекӀел тӀохиде.
ТӀогьол кваЦӀи буго дица рехулеб.

Биун месед тӀеяб тӀадмагӀарухъе,
ТӀокӀай яхиладай, яхилародай?!
МахӀачханасул
ГӀунейзатил кочӀодасан.

Росулъ хутӀараб рогьел

1
Риидалил рогьел, рогьалил гьогьем,
Гьудулалъул гьалакь кьерулеб сордо.
СантӀа чӀоролоца ахӀулеб кочӀой,
Кибалиго вехьас бачунеб швантӀих.

Ракъарал хъурмуца хъарсулеб гӀечлъун,
МугӀрул кьолониса кьерун унеб моцӀ.
Кьурда къочулеб бакъ, бакъул чӀоразукь,
ЧӀаголъулеб бугеб сверухъ тӀабигӀат.

ТӀаса магӀарухъа пулеб гьороца,
Гьуинал тӀугьдузул хъамулел махӀал.
Иццухъа гӀеретӀгун тӀад юссуней яс,
ТӀохазда парпалел кӀкӀуйдул байрахъал.

2.
Ана лъеберго сон, лъеберго рии,
Росуль доб рогьелгун данд чӀвараландаса.
БатӀияб, бигьаяб гӀумру балагьун,
ГӀагараб росо тун сверана дунял.

Дир росу хисана, дунго херлъана,
Хирияl гьалазтӀе рештӀана саву.
Росдал тӀохал, нухал гьанже чӀорого,
ГьечӀо байрахъалги, гӀеретӀги, ясги.

3
Гьанже кибалиго доб рии, рогьел,
Гьуинаб рокьуца рекьулел сардал.
Савуялъ рахчарал рекӀел шобазде,
Щвезе гьечӀо тӀокӀалъ ихги, рииги.

ЦӀогьал кквезе ругин гуккун тӀамурал,
ЦӀогьал кквечӀониги нужго цӀогьоге.

ГьечӀо нужотӀаса гӀарзалъ ине бакӀ,
ГӀазабаз кӀекӀулеб дир милаталъе.
Мискиназ гӀуцӀараб, цӀогьаца кунеб,
ЦӀияб Россиялъги нуж руго кколел.

Нижер ихтиярал анишал ана ,
Алигархал, цӀогьал нужеца рахъун.
Нижее хутӀана цохӀо рекӀелгъей,
КӀалдир килщалги ран кепалъе гьештӀей

Мне осталась одна забава:
Пальцы в рот - и веселый свист.
Сергей Есенин

Бикъуге, бикъуге!

Бикъуге, бикъуге, бикъуге тӀокӀалъ,
ТӀад тарал хӀакимал нижер Дагъистан.
Хьихьуге, хьихьуге, нужорго лъимал,
Нижер лъимазухъа бахъараб чадид.

Бичуге бичуге халкъалъул божи,
Бечедал кӀалгӀабахъ кӀусизе гӀоло.
Хахуге, хахуге, хъантӀарал кӀалал,
Халкъалъул унтараб хьудуялда нуж.

Нуж кумек гьабилин гьедун рищарал,
Кумекго кӀваричӀин квешлъи гьабуге.

КьуртӀа рогьараб сордо

Цебехун букӀараб кӀочонеб гӀужалъ,
КӀочарай гьудул мун швана ракӀалде.
Ральдал карачелаз чурулеб кьуртӀа,
Рогьараб цо сордо сверана цебе.

Рокьуе чӀагояб памятник гӀадин,
Постамент - кьурда тӀад эхетарал нилъ.
Нилъ къочунеб сурат, моцӀрол канлъуца,
Карачелабазулъ чвердезабулеб.

Огь, букӀараб сордо! Дир хӀасратазда,
ХӀеренго дуца тӀад рахъулел кверал.
Карандаса гордил кӀичӀалги тӀутӀун,
КӀутӀбаца кьабулел рокьул печатал.

Сардил Каспиялъул карачелабаз,
Нилъер гьаваялъе гьабулеб гьогьем.
Гьудулалда разе маржанул цӀалал.
Жиндир гьарейилан гьардолел цӀваби.

Рогьана доб сордо, свана дол цӀваби,
ЦӀияб къогун арай тӀад юссичӀо мун.
Памятник бихараб постамент гӀадин,
Нилъер рокьул кьуру хутӀана жибго.

Гьанже тӀад буссине аниш доб рии,
Доб кьуртӀа рогьараб гьайбатаб сордо.
Сунел хӀасратазда хӀеренал кӀутӀбаз,
Кьабизе нахъойги рокьул печатал.

Президентас ришватчилъиялда рагъ лъазабун, ришватчагlаз митингал щущазарун.....

«Нижеца гьабураб митингалъ бихьизабуна Дагъистаналда эркенлъиги гражданияб обществоги гьечlебги. Гьаниб гIицIго диктатура буго, гIадамалги лагъзадериде сверизарулел руго», - ян байбихьана 3 октябралда МахIачхъалаялъул аслияб майданалда тIобитIараб митингалда бан гьабулеб пресс-конференция Нелли Ражабовалъ. Гьей ккола гьеб митинг тIобитIиялъе квербакъараб «Отечество» абулеб союзалъул нухмалъулей.

Дагъистаналда диктатура батаниги, лагъзаллъун жал киданиги рукIунарилан лъазабуна данделъиялда эркенлъиялъе гIоло чанги къеркьарал гьидерил жамагIаталъул вакил Шамилов МухIамадица.

«Ниж туснахъ гьаруниги, тIадчагIазул нижедехун кинаб бербалагьи бугониги республикаялда ахIвал-хIалги хисичIони, тIалъиги хисичIони, нижеца моцIи-моцIие тIоритIизе руго митингал», - ян лъазабуна жанисел ишазул идарабазул хIалтIухъабазул профсоюзалъул бетIер Шамиловас.

КIиго сордо-къоялъ киналниги ихтияралги хвезарун: кваназаричIого, как базе санагIалъи гьабичIого, медицинаялъул кумек гьабичIого Советский РОВДялда сардал тIамурал митингалъул гIахьалчагIи хIадур руго хадурги къеркьезе. ТIокIаб батIияб хIалалъ жидехъ гIин тIамичIони, жал нилъер ВатIаналъул «ракI» БагIараб майданалде чахьалда къаналги рухьун чIезе хIадур ругилан бицана пресс-конференциялда гьез. (Гьел рагIаби рагIун рукIаралани лъагIалица тIингьалги ретIун, бухарабиги лъун БагIараб майдан «цIунун» гIазукьги, цIадакьги, бакъукьги гьенир ругел черкесазул кIудаби цIакъ роххилаан. Цо-цо ракIгъеялъе Хадулаевасул бакъназухъ гIенеккун, гьидерил кащ къурдун рекIелгъеялдаги рукIине бегьилаан - автор).

«Отечествоялъул» нухмалъулесул заместитель Руслан Расуловас мухIканаб жаваб кьуна митинг закунияб гуреб кьагIидаялъ тIобитIулеб букIиналъ биххизабизе кканилан абулезе. «Нижеца киналго рукIине кколелщинал документал хIадурун рукIана. Юстициялъул министерствоялде цебеккунго битIун букIана митинг гьабизехъин бугин, киб гьеб тIобитIизе бугеб, щиб гIиллаялдалъун тIобитIулеб бугебали мухIканго хъвараб кагъат. Гьез нижехъе жаваб бачIана хIинкъигьечIолъи букIинабизе, гьаниса-дораса рачIараз ургъунго халкъ цоцалъ базабичIого букIине митинг Родопалъул бульваралда гьабейилан» - абун бицана Расуловас.

Бакънал рачине инсул бугеб гьунар ирсалъе щвечIониги, кIалъазе гьунар цогидазе гIурабгIан щун бугев «Афгъанисталда рагъулел рукIарал ветераназул Россиялъул союзалъул» исполкомалъул нухмалъулев Шамиль Хадулаевас бицана жидеца жидерго ругел ихтияразда рекъон митинг Родопалъул бульваралда тIобитIизе разилъи кьечIилан. «Щай ниж Родопалъул бульваралда данделъизе кколел, гьебищ бищун цIунараб бакI, гьенибищ баркаталъул нур чIун бугеб? Аслияб майдан буго бищунго республикаялда цIунараб бакI. ГьенибгIицин берцинго, законалда рекъон, жидерго данделъи тIобитIулел рукIарал гIадамазда гьаб къо чIезабураб мехалда. Кинабго бакъалда лъун бугеб, гьутIбузулги заз-хъарахъалъулги цIураб бульваралда бокьараб лъугьине бегьулаан»,- илан рикIкIунеб бугоан Шамиль Хадулаевас.

3 октябралда ришватчилъиялда данде МахIачхъалаялъул аслияб майданалда тIобитIулеб букIараб митингалдаса Советский РОВДялде вачун арав 28 «асирасе» кумек гьабуна адвокат ХIасан ХIасановас. Гьес данделъаразе бицана митинг законалда рекъон тIобитIанилан. «Жиндирго пикру загьир гьабиги, гьелъие тадбирал тIоритIиги гьеб буго инсанасул кьучIаб ихтияр. Гьеб лъицаниги хвезабизеги бегьуларо. Митингазул хIакъалъуль бугеб законалдаги кибниги гьечIо «санкционированный» яги «несанкционированный» митинг абураб жо. Буго цохIо митинг гьабулеб букIин пуланал идарабазда лъазабизе ккеялъул хIакъалъуль хьван. КколебщинаБ бакIалде кагътални ритIун гьабураб митинг законияблъун рикIкIинчIого рес гьечIо», - ян ритIухълъи чIезабуна ХIасан ХIасановас.

> **!** **КIиго сордо-къоялъ киналниги ихтияралги хвезарун: кваназаричIого, как базе санагIалъи гьабичIого, медицинаялъул кумек гьабичIого Советский РОВДялда сардал тIамурал митингалъул гIахьалчагIи хIадур руго хадурги къеркьезе.**

Гьеб митингалъе квалквалал гьаруралщинал чагIи ришватчилъиялда данде къеркьейилан лъазабурав Россиялъул президент Дмитрий Медведевасда данде чIарал чагIи ругин Нелли Ражабовалъ абуниги, республикаялда гIолохъаби «рохьоре» иналъул гIайиб бищун цебе Дагъистаналъул президентасда ва тIадчагIазда бугилан Казихан Къурбановас (Табасараналда ришватчилъиялда данде гIуцIараб комитеталъул вакил) лъазабуниги, я тIадчагIазул, яги МВДялъул рахъалдасан цонигияз кинаб бугониги жаваб гьабичIо. «Рохьилал» цIикIкIиналъе гIилла тIадчагIи халкъалдаса рикIкIалъи, гьез гIадамазул тIалаб гьабунгутIи, халкъалъул гьаракьги рагIизе бокьичIого тIалъи «гIинкълъун» чIей бугилан абун букIана Казихан Къурбановас. Гьеб ритIухъ гьабулебгIанги, жидее гьел лъазабияз тIири асар гьабичIолъи бихьизабуна пачалихъиял идарабаз.

> **P.S. Дидагони ккола гьеб руцIцIунхIун чIей бищунго митингчагIазе захIмалъилилан. Щайгурелъул я рахъ ккун, я данде чIун цо кинаб бугониги багъа-бачари букIине ккола дандиязул. Кин кканиги ритIухълъиялъе гIоло къеркьолел «гъазизабазе» кидагосеб рецц!**
>
> **Киназго бицунеб, амма жеги бихьичIеб гьеб ритIухълъиялъул нугIлъун йикIине хьул къотIуларей ПатIимат МАХIМУДОВА**

"Хъахlал къункърабазул къо" – Москваялда

"Хъахlал къункърабазул къо" Дагъистаналда тIобитIулелдаса къоло щуго сон тIубаялъул байрам кIодо гьабулаго гIахьаллъи гьабизе Дагъистаналде рачIарал рикIкIен гIемерал хъвадарухъабазда ва жамгIиял хIаракатчагIазда гьорлъ вукIана Москва шагьаралъул хъвадарухъабазул гIуцIиялъул Президиумалъул член, машгьурав шагIир ва переводчик Сергей Юрьевич Соколкинги. Дагъистаналде тIоцеве щварав, гьелъул тIабигIаталъ ва гIадамазул гIадатлъиялъ рекIее асар гьабурав гьес, Москваялде тIадвуссаравго хIадурлъи гьабизе байбихьана улкаялъул тахшагьаралда тIоцебесеблъун кколеб Расул ХIамзатовасул "Хъахlал къункърабазул" фестивал тIобитIиялъе.

Сентябралъул ахиралда Москваялъул литераторазул Централияб рокъоб тIобитIараб гьеб хIаракатчилъиялда кIудияв шагIир, дунялалдаго цIар рагIарав Расул ХIамзатов ракIалдеги щвезавулаго, улкаялдаго машгьурал шагIирзабаз, хъвадарухъабаз, артистаз, кочIохъабаз цIалана ва ахIана гьесул кучIдул. Вечералда гIахьаллъараз хасго лъикI къабул гьаруна Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель, халкъияв шагIир МухIамад АхIмадов, Ингушетиялъул ХIукуматалъул Председателасул заместитель, гьеб республикаялъул халкъияй шагIир Раисат Дидигова, Дагъистаналъул литературиял журналазул бетIерав редактор, халкъияв шагIир ГIабдула Даганов, Осетиялдаса Владимир Дагуров, Иван Голубничий (Москва), Аршак Тер-Маркарян (Армения), Тимур Зульфикаров (Таджикистан), Ирина Ванн (Китай), Александр Худорожков (Гъиргъизстан), Андрей Алексеев (Мордовия), Борис Миронов – публицист, Россиялъул Федерациялъул басмаялъул комиталъул вукIарав председатель, Эдуард Балашов – Литературияб институталъул профессор, МухIамад ХIамзаев ва Касмина Исрапилова – Дагъистаналъул шагIирзаби.

Гьеб данделъиялда Россиялъул Геральдическияб Палатаялъул рахъалдасан Марина Рыбакица улкаялъул литература цебетIезабиялъуль лъураб кIудияб бутIаялъе гIоло ракIалде щвеялъул медалал кьуна МухIамад АхIмадовасе, ГIабдула Дагановасе ва Раисат Дидиговалъе. Москва шагьаралъул хъвадарухъабазул Президиумалъул рахъалдасан Иван Голубничияс Сергей Есенинил орден кьуна МухIамад АхIмадовасе.

КIиабилеб къоялъ литератораазул творчествоялъул рокъоб "Переделкиноялда" вечералъул гIахьалчагIазул дандчIвай букIана гьудуллъиялъул сапаргун Москваялде рачIарал Болгариялъул ва Сербиялъул делегациязул членазулгун.

Касмина ИСРАПИЛОВА

№19 (19) 14 октябрь 2011 сон
ДАНДЕРУССИНАЛ
МИЛЛАТ МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

цlияб тlехь

ЦIороса баккараб бакъ



Нилъер Дагъистантун къватlир ругел ракьцояздаса кагъатги, ругьелги бачlарабго рекlее рохелги разилъиги лъугьуна магlарулазул. Кигlан гlемер ругел гьел дунялалда, Европаялдаги, Азиялдаги аваразул халкъалъул вакилзаби къисматалъ реххичlеб бакl батиларо.

«Дова Нухаялда
дур Хlажимурад,
Кивалиго рикlкlад
дур имам Шамил,
Хабал рилун руго
дуниялалда
Дур эркенлъиялъул
багьадуразул...»

абун хъвана магlарул шагlирас.

Дица бицунеб буго цlоралъул магlарулазул. Къисматалъ къватlире кканиги гlасрабаца кlудияб ватlаналде рокьиги цlунарал, гlадат-гlамалги биличlел, рекlелъ ва чорхолъ аваразул намус-яхlги баччарал. Гьал къоязда дихъе щвана Закаталаялда гlумру тlамуниги авар мацlалъухъ ва халкъалъухъ гlашикълъун шигlраби хъварав магlаруласул кучlдул данде гьарураб «Цlороса баккараб бакъ» абураб тlехь. Тlехьалъул автор вуго Цlоралдаса Бацlазул Ражаб абурав шагlир. Гlумруялъ Дагъисталъулгун бухьенги цlунун, магlарул тlахьал, газетал цlоралде тlалаб гьарун, нилъехъе дораса кагътал хъвалев чи вукlун вуго Ражаб.

Дагъав цевегlан 78 сонил ригьалда къадаралде щванин рагlана, Аллагьас алжаналда даднде гьавеги. Дагъистаналда ругел ракьцояз ва гьесул гьудулзабаз къватlибе биччан буго Ражабил шигlрабазул тlехь «Цlороса баккараб бакъ» абураб цlаралда гъоркь. Абиларо шигlрияб рахъалъ кутакалда пасихlаб ва гъваридаб тlехь гьеб бугин. Амма гьеб цlакъго къиматаблъун нилъее лъугьунеб буго цlоралдаса бачlараб букlиналъ ва чияр бакlалда нилъер ракьцояз гlасрабаца аваразул каламги, шигlру – кечlги цlунараб букlиналъ. Цо рекlелъ босулеб гlадатлъи ва гугьар буго Ражабил шигlрабалъ. Гlагараб заманалда гьесул гьудулзабазда ракlалда буго миллияб библиотекаялда Бацlазул Ражабил асаралгун къватlибе биччараб «Цlороса баккараб бакъ» абураб тlехьалъул президинтация гьабизе. «Миллат» газеталъ гlагараб заманалда лъазаби кьела гьеб тадбиралда хурхун.

бокьани божа, бокьичlони божуге

Дунялалда бищунго ворхатав туркав Султан Косенил логол борхалъи буго 246.5 см

Индиялдаса Энтони Викторил гlундузда жаниб бижараб расул халалъи бахуна 18.1 см.

Дунялалда бищунго халатаб Пушистикилан абураб питоналъул халалъи буго 7.3 метр.

Beer Barrel Saloon абураб баралда бугеб стойкаялъул халалъи буго 123.7 метр.



Канадаялда вугев индиялъулав Сарван Сингил магжил халалъи бахуна 2.33 метралде.

Виктор Гомесил чорхол 98 процент буго расул цlураб.

Девид Абрамовичица цо минуталда жаниб l02 нус речlчlана ясалда.

Кигlан гьараниги гьумер хlадур гьабичlо Патlимат Махlмудоваль

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КlАЛЪАЛЕБ БУГО

Магlарул халкъалъул миллат гьабулеб «Миллат» газеталде урхъараб салам. Гъалбацlовасе, Бисавгlалиевасе, гlумру кьейги нужой бищун халатаб

8988 … ..25

Баркала Маркъо Шагlбановасе аваразул тарихиял цlарал тlад руссинаризе гъеж гурараλъухъ.

8928 … .. 41

Таргъуялда кутузул рукъ базе йитlаралдаса Х.Жамалудинова тlагlана, тlад юссаян ругьелниги битlе

8989 … ..72

Коммунист партия биххаралдаса тукабазда квен – тlех гьарзалъана, Гъалбацlовасулги «Коммунизм» лъугlун хадур, гьесул ботlролъ камилал пикраби паркъизе байбихьана.

8960 … ..11

Пачалихъияб Думаялде депутатал рищизе кlиго моцlцин хутlичlо, Дагъистаналда сихlкъотlун буго. Коллелъуре къандалъаби щвараб къагlида, гlурусаз абула, деньги любят тишину, абун.

8988 … ..42

Кавакaзиял чlвазе кколин абулеб халкъ Махlачевас рачун руго Дагъистаналде, хlурмат гьабизе, нижее гlурусал рокьулин гьа баниги нилъ Москваялдаса хъамулел руго. Гьеб жоялда цlар рагlула Дружба народов.

8928 … .. 10

Айтберовас гlарцухъ тумал рецунин гlайиб щай чlвалеб, чlорого серхlаби рецизе чlарал аваразул читlир гlагараб къого соналъ къотlизе гьечlо.

8960 … .. 17

«Черновик» газеталда цо кьижарав депутатасул сурат бихьана, рорчlаразулгун гьесул кlудияб батlалъи гьечlоан ишазухъ балагьун.

8929 … .. 41

Гъалбацlовасул гьаракь къотlана. "Коммунизмаялда" квалквадулев ватизе гурин, тlадвуссинаве.

8988... ... 69

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магlарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, ва Республикаялъул киналго "Дагпечаталъул" киоскалда, Буйнакскиясул къотlноб, вокзалалде щолеб бакlалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Ялъуни ахlе тел.:
8-905-476-56-65,
8-988-261-85-25.

«Миллат» газета цlализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хlажат руго лъикlго авар мацl лъалел ва компьютералда хlалтlун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

нилъер росаби

Дылым росу

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель: Журналистский коллектив редакции

Главный редактор: Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: г. Махачкала, ул. Дзержинского, 17 б. 7 этаж, офис 4 а.

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.

Заказ № _______ Тираж 3000 экз.